Qaraqalpaqstan Respublikası
statistika basqarması



# Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmetler tarawınıń rawajlanıwı

2022- jıldıń
Yanvar-iyun aylarında

*Dáslepki maǵlıwmatlar*　　　　*2022- jıl yanvar-iyun*

Búgingi kúnde xızmetler tarawı ekonomikanıń eń perspektivalı hám tez rawajlanıp atırǵan tarmaqlarınan biri bolıp tabıladı. Sawda hám transporttan baslap finanslıq támiynlew, qamsızlandırıw hám hár túrlı túrdegi dáldalshılıqqa shekem keń iskerlik sheńberin óz ishine aladı. Usı sektor ekonomikalıq rawajlanǵan mámleketlerde bánt bolǵanlar sanı boyınsha ekonomikanıń tiykarǵı bólegin quraydı..



*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

**Xızmetler tarawı** bul - kárxanalar, shólkemler, sonıń menen birge, fizikalıq shaxslar tárepinen kórsetiletuǵın hár qıylı xızmetler, islep shıǵarıwdı óz ishine alǵan ulıwmalastırılǵan tayıpa bolıp tabıladı.

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa kóre, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi **4715,1** mlrd. sumǵa jetti. Onıń nominal kólemi **884,7** mlrd. sumǵa astı. .

Salıstırma ekvivalentte ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti **116,2 %** ti quradı.

.

**Xızmetler tarawınıń tiykarǵı kórsetkishleri**



*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

| Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha islep shıǵarılǵan xızmetlerdiń tiykarǵı kórsetkishleri (2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında) | Kólemi, mlrd. sum | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, % te |
|---|---|---|
| **Xızmetler – jámi** | **4715,1** | **116,2** |
| Sonnan: | | |
| baylanıs hám málimleme xızmetleri | 262,0 | 118,7 |
| finanslıq xızmetleri | 1 057,6 | 128,5 |
| transport xızmetleri | 1 257,0 | 129,8 |
| sonnan: avtotransport xızmetleri | 591,4 | 103,4 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 105,8 | 103,7 |
| sawda xızmetleri | 1 036,1 | 103,1 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 110,6 | 108,6 |
| bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler | 237,5 | 93,6 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler | 63,2 | 108,3 |
| Ijara xızmetleri | 89,1 | 107,6 |
| kompyuterlerdi ońlaw boyınsha xızmetler | 138,0 | 108,9 |
| jeke xızmetler | 177,5 | 105,9 |
| arxitektura tarawındaǵı xızmetler | 50,7 | 105,9 |
| basqa xızmetler | 130,0 | 109,8 |

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kórsetilgen bazar xızmetleriniń quramı, % te**




Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kórsetilgen bazar xızmetleri quramında eń úlken úlesti transport xızmetleri iyeleydi. Sonday etip, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında olardıń úlesi 26,7 % ti quradı. Usınıń menen birge, joqarı kórsetkishler finanslıq xızmetleri (22,4 %), sawda xızmetler (22,0 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri boyınsha (5,6 %) úlesine tuwrı keldi.

***Dáslepki maǵlıwmatlar*** ***2022- jıl yanvar-iyun***

Arxitektura tarawındaǵı xızmetler kórsetiw kólemleriniń onsha úlken bolmaǵan ósiwi gúzetildi, olardıń úlesi tek **1,1** % ti quradı.

***Salıstırıw ushın :*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında, kórsetilgen bazar xızmetleri ulıwma kóleminde transport xızmetleriniń úlesi **24,6** % ti payda etti. 2021- jıldıń sáykes dáwirinde Arxitektura tarawındaǵı xızmetler úlesi eń kishi kórsetkishke iye bolǵan – **1,2** %.

Info

Jámiyettiiń rawajlanıwı hám de islep shıǵarıw kúshleriniń ósiwi menen, xızmetler tarawınıń arnawlı rawajlanıwı júz beredi.

Házirde bul tarawda jumıs menen bántliktiń asıwı, miynetti texnikalıq úskeneleniwiniń ósiwi hám aldıńǵı texnologiyalardıń engiziliwi gúzetilip atır.

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında joqarı ósim pátleri transport xızmetleri (**29,8** %), finanslıq xızmetler (**28,5** %), baylanıs hám málimleme xızmetleri (**18,7** %), basqa xızmetler (**9,8** %), kompyuterlerdi ońlaw boyınsha xızmetler (**8,9** %), kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler (**8,6** %), ti quradı.

Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler kólemi (**6,4** % ke) tómenlewi gúzetildi.

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha bazar xızmetleriniń ósim pátleriniń salıstırılıwı, % te




***Salıstırıw ushın :*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında, joqarı ósim pátleri ijara xızmetleri (**51,8 %)**, ti quradi. Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri ósim pátlerinde (**3,1 %** ke) tómenlewi gúzetildi.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

*2022- jıl yanvar-iyun*

**Sawda** - bul tovarlardıń aylanıwın, olardıń islep shıǵarıw tarawınan tutınıw tarawına ótiwin támiyinleytuǵın ekonomika tarawı bolıp tabıladı. Belgili bir mámleket ishinde sawda tovarların zárúr qarıydarǵa jetkiziw wazıypasın atqaradı. Ol kótere hám usaqlap satıw sawdaǵa bólinedi.

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında, kórsetilgen bazar xızmetleri ulıwma kóleminde sawda xızmetleriniń úlesi 22,0 % ti payda etip, bul 1036,1 mlrd. sumǵa teń boldı.

***Salıstırıw ushın*** : 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında sawda xızmetleri kólemi 898,0 mlrd. sumǵa teń boldı. Olardıń ulıwma xızmetler kólemindegi úlesi 23,4 % ti quradı.

**Sawda xızmetleri**



***Dáslepki maǵlıwmatlar*** **2022- jıl yanvar-iyun**

Ámeldegi dáwirde usaqlap satıw sawda xızmetleri úlesi 75,9 % ke tuwrı keledi.

Kótere sawda xızmetleriniń úlesi (avtomobiller hám motocikller sawdasınan tısqarı) 16,3 % ke jetti. Avtomobiller hám motocikllerdiń kótere hám usaqlap satıw sawdası boyınsha xızmetler, atap aytqanda, avtomobiller hám motocikllerdi ońlaw boyınsha xızmetlerdi qosqan halda, sawda xızmetleriniń ulıwma kólemindegi úlesi 7,8 % ti quradı.

**Sawda xızmetleri quramı, % te**

*(2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında)*




***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında usaqlap satıw sawdası úlesi **75,5** % ti quradı.

**Finanslıq xızmetler kólemi** - finanslıq dáldálshılıq esabınan alınǵan procentli dáramatlar kólemi (xızmetler ushın belgilengen tólewler muǵdarında), sonıń menen birge, finans shólkemi tárepinen ssuda beriw yamasa depozitti saqlaw boyınsha xızmetleri ushın tólenetuǵın aqsha esabına kóre alınadı.

## Finanslıq xızmetler
*(2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında)*

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında finanslıq xızmetler kólemi **1057,6** mlrd. sumdı quradı.

***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında finanslıq xızmetler kólemi **819,4** mlrd. sumǵa teń boldı.



2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında olardıń ulıwma xızmetler kólemindegi úlesi **22,4** % ti quradı.

***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında olardıń úlesi **21,4** % ti quradı.

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda kólemi **238,2** mlrd. sumǵa kóbeyiwi gúzetildi..

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında finanslıq xızmetlerdiń ósiwi **28,5** % ti quradı.

***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında olardıń ósim páti **127,0** % ke jetken.

***Dáslepki maǵlıwmatlar*** ***2022- jıl yanvar-iyun***

Finanslıq xızmetler ulıwma kóleminde qamsızlandırıw hám pensiya támiynatı boyınsha xızmetlerden tısqarı finanslıq xizmetlerdiń úlesi **81,3** % ti quraydı.

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında, ámeldegi dáwirde qamsızlandırıw xızmetleriniń úlesi **16,4** % aralıǵında gúzetildi.

Finanslıq hám qamsızlandırıw xızmetlerine salıstırǵanda járdemshi xızmetlerdiń ulıwma finanslıq xızmetler kólemindegi úlesi joqarı kórsetkishke iye emes hám ol **2,3** % ti quraydı.

**Finanslıq xızmetler quramı, % te**

*(2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında)*




***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında finanslıq xızmetler ulıwma kóleminde qamsızlandırıw hám pensiya támiynatı boyınsha xızmetlerden tısqarı finanslıq xizmetlerdiń úlesi **87,6** % ti quraǵan.

Qamsızlandırıw xızmetleriniń úlesi **9,9** % aralıǵında gúzetilgen. Qosımsha finanslıq xızmetler – **2,5** %.

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

Informaciya texnologiyalarınıń rawajlanıw hám paydalanıw dárejeleri, sonıń menen birge, olardı támiyinleytuǵın telekommunikaciya infradúzilisi ekonomikalıq rawajlanıwdıń zárúrli faktorlarına aylanıp, turaqlı rawajlanıw hám mámlekettiń jáhán ekonomikasına integraciyalasıwı natiyjeliligin támiyinleydi.

## Baylanıs hám málimleme xızmetleri

| 2021- j. Yanvar-iyun | | 2022- j. Yanvar-iyun |
|---|---|---|
| 217,7 | Xızmetler kólemi, mlrd. sum | 262,0 |
| 116,3 | Ósim páti, % te | 118,7 |
| 5,7 | Jámi kólemdegi úlesi, % te | 5,6 |

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

Baylanıs hám málimleme xızmetleri kóleminde eń úlken úlesti telekommunikaciya xızmetleri (sımlı hám mobil baylanıs xızmetleri, Internet tarmaǵı, joldaslı baylanıs xızmetleri hám basqalar) iyelep, **93,7** % ti quradı.

**Baylanıs hám málimleme xızmetleri quramı, % te**

**2021-j. yanvar-iyun** **2022-j. yanvar-iyun**




***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında telekommunikaciya xızmetleri úlesi **93,4** % ti quraǵan.

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

Háreketler strategiyasınıń ústin turatuǵın baǵdarlarınan biri bolıp esaplanǵan **bilimlendiriw hám pán tarawın** rawajlandırıw - úzliksiz tálim sistemasın jáne de jetilistiriw, sapalı tálim xızmetlerin múmkinshiliklerin asırıw, miynet bazarınıń zamanagóy mútajliklerine uyqas joqarı maman kadrlar tayarlaw siyasatın dawam ettiriw bolıp tabıladı.

## Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler

| | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti | Kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi | Jámi kólemindegi úlesi |
|---|---|---|---|
| 2022- j. yanvar-iyun | 93,6 % | 237,5 mlrd. sum | 5,0 % |
| 2021- j. yanvar-iyun | 138,8 % | 234,4 mlrd. sum | 6,1 % |

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler kólemi **237,5** mlrd. sumǵa jetip, bazar xızmetleri ulıwma kólemindegi úlesi **5,0**% ti quradı. Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti **93,6** % ti quradı..

*Dáslepki maǵlıwmatlar* — *2022- jıl yanvar-iyun*

**Densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler kólemi** bul - densawlıqtı saqlaw mekemeleriniń, sonıń menen birge, stomatologiya, fizioterapiya hám gomeopatiya poliklinikaları, kosmetologiya klinikalari, laboratoriya, sanita-riya hám epidemiyaǵa qarsı profilaktika mekemeleri tárepinen hár qıylı medicinalıq járdem hám de medicina xızmetlerin ushın kórsetilgen bazar xızmetleriniń ma`nisi bolıp tabıladı.

## Densawlıqtı saqlaw tarawındaǧı xızmetler

2021- j. Yanvar-iyun

2022- j. Yanvar-iyun




Xızmetler kólemi, mlrd. sum

Xızmetlerdıń jámi kólemindegi úlesi, % te

Ósim páti, % te

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

Info

**Azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetler** - azıq-awqat ónimleri hám ishimlikler jetkiziw boyınsha qoyılǵan ústemeden tısqarı, awqat tayarlawda isletilgen hám qayta islenbegen halda satılǵan ónimler mánisin óz ishine alıwshı aylanba mánisi bolıp tabıladı.

**Jasaw boyınsha xızmetler** kólemi, qısqa múddetli turar jay menen támiyinlew boyınsha kórsetilgen xızmetler (mıymanxanalar, oteller, moteller hám basqa turar jaylar) mánisin óz ishine aladı.

## Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler

| 2021- j. Yanvar-iyun | | 2022- j. Yanvar-iyun |
|---|---|---|
| 85,3 | Xızmetler kólemi, mlrd. sum | 105,8 |
| 96,9 | Ósim páti, % te | 103,7 |
| 2,2 | Xızmetlerdiń jámi kólemindegi úlesi, % te | 2,2 |

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

2021- jıldiń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler kólemi kórip shıǵılıp atırǵan dáwirde **20,5** mlrd. sumǵa kóbeydi.

**Jasaw hám awqatlaniw boyınsha xızmetlerdiń quramı, % te**




Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń ulıwma kóleminde azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetlerdiń úlesi **89,0** % menen ústinlik etedi.

***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetlerdiń úlesi **89,3** % ti quraǵan.

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

| Qala hám rayonlar kesiminde xızmetler islep shıǵarıw (yanvar-iyun aylarında) | Kólemi, mlrd. sum | ósim páti, % te | |
|---|---|---|---|
| | | 2022- j. | 2021- j. |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **4715,1** | **116,2** | **117,6** |
| Nókis q. | 1865,4 | 110,3 | 116,2 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 240,3 | 112,6 | 122,1 |
| Beruniy | 253,2 | 111,3 | 117,4 |
| Bozataw | 25,3 | 114,7 | 136,1 |
| Qaraózek | 84,7 | 117,8 | 117,1 |
| Kegeyli | 90,0 | 114,1 | 120,7 |
| Qońırat | 726,9 | 152,6 | 125,2 |
| Qanlıkól | 74,0 | 115,0 | 115,2 |
| Moynaq | 60,1 | 114,3 | 122,1 |
| Nókis r. | 99,5 | 110,3 | 118,4 |
| Taqıyatas | 107,5 | 110,1 | 108,1 |
| Taxtakópir | 74,0 | 116,5 | 123,2 |
| Tórtkúl | 390,6 | 111,6 | 120,0 |
| Xojeli | 205,5 | 111,2 | 119,2 |
| Shımbay | 143,3 | 113,0 | 125,0 |
| Shomanay | 66,1 | 110,8 | 122,2 |
| Ellikqala | 208,7 | 111,5 | 119,6 |

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

Zamanagóy Ózbekstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw keleshekleri, milliy hám jergilikli máplerdi esapqa alǵan halda, respublikanıń hár bir ekonomikalıq rayonı hám wálayatlarınıń barlıq resurslardan aqılǵa say paydalanıwına baylanıslı.

## Qala hám rayonlar kesiminde kórsetilgen bazar xızmetlerin quramı, % te

*(2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında)*




2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında kórsetilgen bazar xızmetleri jámi kólemdegi eń úlken úlesti Nókis qalasında – **39,6** % (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – **44,2** %).

Xızmetler tarawınıń eń tómen kórsetkishleri Bozataw rayonında – **0,5** % (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – **0,5** %) ti quraǵan.

*Dáslepki maǵlıwmatlar* *2022- jıl yanvar-iyun*

Xızmetler tarawınıń rawajlanıw dárejesi xalıqtıń aymaqlıq jáne social jıldamlıǵın, jańa xojalıq aymaqların ózlestiriw, islep shıǵarıw natiyjeliligin hám materiallıq ónimler tutınıwın asırıwdı támiyinleydi.

## Xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xizmetlerinin tiykarǵı ko'rsetkishleri

**Xızmetler kólemi**

**2411,3 mıń sum**

**Kóleminiń ósiwi**

**424,5 mıń sumǵa**

**114,6 %**

**Ósim páti**



2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi **2411,3** mıń sumǵa jetti.

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti **114,6** % ti quradı.

***Salıstırıw ushın:*** 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi **1986,8** mıń sumǵa teń bolǵan.

2020- jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda ósim páti **116,2** % ti quraǵan.